



Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON 16 LISANS BA ALKÒL ANPLIS NAN
NEW YORK POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMEN KI GEN RAPÒ AK
KOWONAVIRIS**

148 lisans biznis alkòl te sispann pandan ijans sante piblik la

*Fòs entèvansyon milti-ajans lan te mennen plis pase 3,300 verifikasyon
konfòmite wikenn sa, ki obsève 66 lòt vyolasyon nan Vil New York ak nan Long
Island*

*812 akizasyon te depoze ak trete jiska jodi a, lis aktyalize sispansyon ak
akizasyon yo disponib [ISIT LA](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou sèz lòt ba nan Eta New York apre li jwenn yo nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki lye ak pandemi an, ki pote kantite total lisans alkòl yo sispann pandan pandemi kowonaviris la a 148. Ant vandredi ak dimanch swa, fòs entèvansyon milti-ajans eta a -- ke Lapolis Eta a ak Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) a te dirije -- te mennen plis pase 3,375 verifikasyon konfòmite, ki anrejistre vyolasyon nan 66 etablisman. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

"Senk mwa nan pandemi sa, Nouyokè yo te deplase koub la -- lè n atenn epi kenbe youn nan to enfeksyon ki pi ba nan peyi a, ki enkli dis jou kontini avèk mwens pase 1% nan tès yo ki soti pozitif -- men ak nivo epidemi atravè peyi a, nou pa ka bese gad nou. Règleman ba sa yo fèt pou kenbe moun New York yo an sekirite, e Otorite Alkòl Eta a ak Lapolis Eta a ap mobilize yo pou ranfòse fòs lòd lokal la epi asire yo ke règleman yo swiv", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mesaj mwen pou pwopriyetè ba yo se menm nan: sa konsène pwoteksyon sante anplwaye w yo, kliyan w yo ak gran piblik la. Sa yo se vyolasyon grav, e n ap pran mezi ki agresif paske senpleman pa gen eskiz ankò pou moun pa konfòme yo."

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare, "Travay di fòs entèvansyon an sanble genyen yon efè pozitif sou konfòmite ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Men toutotan kowonaviris la kontinye prezante yon menas vrèman reyèl

epi danjere nan kominote nou yo, n ap kontinye efò nou pou rann moun ki gen lisans yo responsab".

Sèz etablisman yo te bay òdonans ijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a sitiye nan Vil New York, Mohawk Valley, ak nan Long Island.

Nan Vil New York, sa enkli:

- Bronx - 3
- Brooklyn - 3
- Manhattan - 6
- Queens - 1

Sa ki deyò vil New York yo se:

- Herkimer - 1
- Oneida - 1
- Nassau - 1

Se Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greely Ford ki te òdone sispansyon yo nan reyinyon espesyal Komisyon Konplè a nan dat 14, 15 ak 16 out 2020 yo, ki te fèt atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman sou enstriksyon distans sosyal yo. Yo enpoze Sispansyon Somè Ijans yo lè SLA a jwenn operasyon kontini yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

Ba yo ke yo te sispann pandan wikenn nan, nan lis anba a, ansanm avèk enfòmasyon sou vyolasyon yo a ak dat sispansyon yo.

"River's Edge" nan 657-659 Lenox Avenue nan Manhattan, nan dat 16 out 2020

Nan dat 15 out, investigatè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève anvivon ven kliyan ki kanpe epi k ap bwè dirèkteman pa deyò etablisman an, pifò nan yo pa san kouvèti fasyal. Andedan, investigatè yo te anrejistre senk kliyan ki chita nan ba a ap konsome alkòl, nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anplas depi 16 mas 2020 ki mete restriksyon sou manje andedan. Investigatè yo te obsève twa anplwaye ki pa mete kouvèti fasyal epi yo pa t jwenn prèv ke te gen manje ki te sèvi -- nan vyolasyon ak Lwa sou Kontwòl Bwason Alkowlize ki date depi 1964 la.

"El Porton Bar & Restaurant" nan 576 Southern Boulevard nan Bronx, nan dat 16 out 2020

Nan dat 15 out, investigatè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève onz kliyan ki t ap konsome alkòl andedan lokal la, nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki an vigè depi 16 mas 2020 an ki mete restriksyon sou manje andedan.

"El Viejo Gran Café" nan 498 East 138th Street nan Bronx, nan dat 16 out 2020

Nan dat 15 out, investigatè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève sis kliyan k ap konsome alkòl epi k ap manje andedan lokal la nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki mete restriksyon pou manje andedan, anplis de anplwaye ak pwopriyetè a te san kouvèti vizaj.

"La Espiga 3 Estrellas" nan 558 Southern Boulevard nan Bronx, nan dat 16 out 2020

Nan dat 15 out, investigatè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève onz kliyan ki tap konsome alkòl epi manje andedan lokal la nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki mete restriksyon pou manje andedan.

"Palace of Zuly" nan 913 Wyckoff Avenue nan Queens, nan dat 16 out 2020

Nan dat 15 out, ofisye NYPD yo te obsève sèz kliyan k ap konsome alkòl epi manje andedan lokal la, ki enkli plizyè ki te chita nan ba a kotakot, nan vyolasyon Dekrè Egzekitif Gouvènè yo ki mete restriksyon pou manje andedan. Yo te obsève de anplwaye ak yon manadjè san kouvèti vizaj. Ofisye yo te jwenn biznis lan ap vann oka ilegalman tou san yon pèmi.

"Villa's Lounge 2" nan 130-132 Audubon Avenue nan Manhattan, nan dat 16 out 2020

Nan dat 14 out, pandan investigatè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans yo t ap apwoche lokal la, yo te tande mizik fò, ki t ap ankouraje apeprè ven kliyan pou bwè epi reyini dirèkteman devan restoran an apre kouvrefe 11:00 p.m. nan pou manje deyò nan Vil New York. Tab yo te bloke pasaj pyeton yo e yo pa t nan distans ki apwopriye, avèk anpil kliyan ki kanpe kotakot san kouvèti vizaj. Yo pa t obsève okenn manje ki te sèvi pandan enspeksyon an, avèk investigatè yo ki te anrejistre tou de anplwaye ak yon manadjè san kouvèti vizaj.

"Tempest Bar" nan 407 8th Avenue nan Manhattan, nan dat 15 out 2020

Nan dat 14 out, investigatè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève apeprè ven kliyan ki te kanpe ap bwè dirèkteman deyò lokal la. Andedan, investigatè yo te anrejistre ven kliyan kap konsome alkòl ki kanpe nan ba a nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anplas depi 16 mas 2020 ki mete restriksyon sou manje andedan.

"Picante" nan 3424 Broadway nan Manhattan, nan dat 15 out 2020

Nan dat 15 out, nan anvivon 1:00 am -- de èdtan apre kouvrefe Vil New York pou manje deyò a -- investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans lan te obsève omwen dis kliyan ki te kanpe devan lokal la san mask, k ap konsome alkòl nan fenèt yon ba kanpe nètman ilegal. Anplis fenèt ba ilegal la, investigatè yo te obsève tou yon DJ k ap kreye yon atmosfè nightclub. Anplis, yo te jwenn kat kliyan ki kanpe epi ap bwè andedan lokal la nan ba a, yo te obsève kat anplwaye k ap travay nan kwizin san kouvèti vizaj, epi prèv yo pa t reflete okenn manje te sèvi ak alkòl la.

"Rico Pollo" nan 3352 Fulton Street nan Brooklyn, nan dat 15 out 2020

Nan dat 13 out, investigatè yo ak fòs entèkansyon milti-ajans yo te obsève de kliyan andedan lokal la k ap manje epi bwè, anplis plizyè kliyan te nan andedan an san kouvèti vizaj k ap kòmande manje, tout nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anvigè depi 16 mas 2020, ki mete restriksyon sou sèvis andedan. Yo te obsève omwen dis anplwaye san kouvèti vizaj, ki enkli manadjè a, ki te admèt li pa t ka kontwole foul ki te reyini andedan an. Yo te obsève kwizin nan ekstrèman pa pwòp tou ak yon risk sante grav.

"Juanito's Grocery" nan 144 Sherman Avenue nan Manhattan, nan dat 15 out 2020

Nan dat 14 out, ofisyè NYPD ak fòs entèkansyon milti-ajans yo te dekouvri magazen manje ki otorize a -- ki pa otorize pou sèvil alkòl pou konsomasyn sou plas -- k ap fonksyone antanke yon nighclub anplennè, avèk tab ak chèz ki enstale deyò, yon mizik wopalè, ak yon fenèt kote y ap sèvi alkòl. Apeprè 25 kliyan te reyini, ap bwè epi danse devan lokal la. Anplis, yo te sèvi alkòl fò byenke magazen an otorize pou vann byè sèlman. Ofisyè NYPD yo te arete anplwaye magazen an, ki akize pou vann preskripsyon medikaman, posesyon ak vant alkòl san yon lisans, epi non respè règleman distans sosyal yo.

"Side Street" nan 2 Otsego Street nan Mohawk, nan dat 15 out 2020

Nan dat 14 out, investigatè ak fòs entèkansyon milti-ajans yo te antre nan lokal la epi jwenn yon sèn bar an sal datant sèlman, avèk apeprè 30 kliyan nan zòn ba a, okenn nan yo pa t mete kouvèti vizaj. Investigatè yo te kòmande epi sèvi bwason alkowolik san yo pa t chita epi san manje nan men yon bamann ki pa t mete kouvèti vizaj. Investigatè yo te obsève tou plizyè kliyan ki t ap bwè epi t ap vire, ki enkli de ki t ap jwe biya toupren do lokal la.

"Dick Smith's Tavern" nan 1310 Schuyler Street nan Utica, nan dat 15 out 2020

Nan dat 14 out, investigatè yo ak fòs entèkansyon milti-ajans yo te obsève apeprè 30 kliyan ki te kanpe epi reyini nan alantou ba a andedan lokal la, kote chak chèz nan ba a te ranpli epi plizyè kliyan t ap mache, ap bwè epi vire san kouvèti vizaj. Investigatè yo te kòmande bwason alkolik e yo te sèvi yo san manje nan men yon bamann ki pa t mete kouvèti vizaj, e yo te remake okenn kliyan pa t kòmande oswa konsome manje.

"El Ambiente Restaurant Patio and Lounge" nan 2896 Fulton Street nan Brooklyn, nan dat 14 out 2020

Nan dat 13 out, investigatè yo ak fòs entèkansyon milti-ajans yo te obsève plis pase 80 kliyan -- ki enkli kèk ki te kanpe e ki pa t gen distans sosyal -- ap konsome alkòl nan yon espas deyò piti avèk tab ki two pre youn ak lòt. Anplis, omwen douz kliyan te reyini devan lokal la, ap bwè, ki inyore enstriksyon distans sosyal yo. Investigatè yo te anrejistre tou plizyè anplwaye san kouvèti vizaj kòrèk, ki enkli yon bamann, yon valè, yon manm staf kwizin nan, ak de manm pèsònèl k ap sèvi a.

"Mio Posto" nan 777 West Beech Street nan Long Beach, nan dat 14 out 2020

Nan dat 8 out, ofisyè yo ak Depatman Polis Long Beach yo te reponn ak plent Nouyokè sa nan katye rezidansyèl sa, ki te tande mizik ki ekstrèman fò ki soti nan lokal

la epi te obsève ven kliyan ki te reyini deyò a. Lè yo t ap antre, ofisye yo te obsève apeprè 200 kliyan andedan restoran an, ki te gen yon okipasyon maksimòm 145 dapre règleman ki lye ak COVID yo. Apeprè mwaye kliyan yo te nan yon sal ki pa gen tab, kanpe, ap bwè, inyore enstriksyon distans sosyal yo, epi yo pa t mete kouvèti vizaj. Depatman Polis Long Beach la repòte ke yo te emèt avètisman anvan bay enstitisyon an nan de okazyon separe nan fen jiyè.

"St. Dymphna's" nan 117 Avenue A nan Manhattan, nan dat 14 out 2020

Nan dat 11 out, investigatè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève plizyè kliyan ki kanpe, ap bwè epi inyore enstriksyon distans sosyal yo deyò lokal la, kote yo te obsève plizyè kliyan ap kòmande bwason nan yon fenèt pou anpòte. Investigatè yo te verifye resi vant yo te jwenn yo pa t gen okenn manje ki te achte ak kòmand yo jou swa sa, nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Se te twazyèm frap pou biznis sa, yon residivis ke SLA te akize pou vyolasyon Dekrè Egzekitif Gouvènè a nan dat 26 jwen ak 10 out.

"Faro Sports Bar & Lounge" nan 3247 Fulton Street nan Brooklyn, nan dat 14 out 2020

Nan dat 13 out, investigatè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te jwenn yon wopalè ap jwe mizik fò devan lokal li a, k ap ankouraje plizyè kliyan pou reyini epi rete dirèkteman deyò a. Anplis de sa, yo te obsève senk anplwaye san kouvèti pou figi. Investigatè yo te detèmine ke lisans alkòl etablisman an te vann ilegalman bay yon lòt pati san apwobasyon SLA a epi chaje antrepriz ki gen lisans lan avèk "eksplwatasyon" lisans lè l otorize moun SLA pa apwouve pou posede oswa fonksyone nan lokal la. Avèk biznis ki gen lisans SLA apwouve a ki pa t prezan pou asire, piblik la pa t ka pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la ak lòt danje, Konsèy la te sispann lisans biznis la.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)